



Pwogram Nest ak Horizon se de pwogram edikasyon espesyal diferan nan lekòl distri 1-32 ki sèvi kèk elèv ki gen otis. Toude pwogram yo vize pou amelyore konpetans; akademik, komunikasyon, ak sosyal elèv yo, men yo gen kritè elijiblite diferan. Se menm pwosesis aplikasyon an yo itilize pou ni pwogram Nest ni pwogram Horizon.

REZIME PWOGGRAM NEST	REZIME PWOGGRAM HORIZON
Pwogram Nest la se yon patenarya ant NYCPS ak Nest Support Project NYU Steinhardt	Se NYCPS ki te devlope pwogram Horizon an. Òganizasyon Rethink Ed Platform Solutions bay enstriksyon ak materyèl pedagojik.
ESTRIKTI KLAS	ESTRIKTI KLAS
Pwogram Nest lan sèvi elèv ki gen otis nan yon salklas avèk elèv ki gen andikap ak sa ki pa genyen andikap. Klas sa a se yon klas Ko-ansèyman entegre (Co-Teaching, ICT) ki gen yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon pwofesè edikasyon jeneral. Lè elèv yo ap vin pi gran, kantite elèv nan yon salklas la vin ogmante. Pa gen parapwofesyonèl nan salklas nan modèl sa a.	Pwogram Horizon gen yon maksimòm uit (8) elèv ki gen otis nan yon klas espesyal (Special Class, SC). Se yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon parapwofesyonèl ki anseye klas sa a (8:1+1). Nou ankouraje opòtinite pou enklizyon avèk elèv edikasyon jeneral.
KOURIKOULÒM AK ENSTRIKSYON	KOURIKOULÒM AK ENSTRIKSYON
Kou pwogram Nest yo suiv nòm aprantisaj Eta Nouyòk yo epi yo itilize menm kourikoulòm lan nan tout lekòl NYCPS yo. Pwofesè Nest resevwa fòmasyon nan estrateji ansèyman espesyalize pou elèv ki gen otis, tankou yon kourikoulòm sosyal espesyal yo rele Entèvansyon pou Developman Sosyal (Social Development Intervention, SDI) ke NYU kreye. SDI se yon pwogram ki baze sou prèv ki sipòte developman sosyal/emosynèl elèv ki nan pwogram Nest. Yo anseye SDI an tigwoup epi yo jeneralize l pandan tout jounen.	Pwogram Horizon suiv menm Nòm aprantisaj Eta Nouyòk yo epi yo itilize menm kourikoulòm lan nan tout lekòl leta NYC yo. Pwofesè Horizon yo resevwa fòmasyon nan estrateji pou sipòte bezwen aprantisaj, sosyal-emosyonèl ak konpòtman elèv ki gen otis. Rethink Ed Platform Solutions bay sipò ki gen ladan materyèl ansèyman ki baze sou prèv, ki baze sou analiz konpòtman aplike (Applied Behavior Analysis, ABA) pou sipòte developman konpetans elèv yo, aprantisaj sosyal-emosyonèl ak konpòtman.
SIPÒ SOSYAL/EMOSYONÈL	SIPÒ SOSYAL/EMOSYONÈL
Founisè sèvis ki pou ede avèk bezwen espesyal (<i>Related Services</i>) itilize SDI pou ede elèv amelyore fonksònman sosyal. Yo anseye kourikoulòm langaj sosyal sa a an ti gwoup.	Founisè pou sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (<i>Related Services</i>) ak pwofesè salklas Horizon yo resevwa fòmasyon nan yon kourikoulòm sosyal ki fet pou pwogram Horizon pou sipòte ak devlope komunikasyon sosyal nan sesyon pou langaj angwooup chak semèn. Yo jeneralize konpetans sa yo pandan tout jounen lekòl la epi ekip sal klas Horizon an ranfòse yo ankò.

PWOSESIS ADMISYON NAN PWOGGRAM OTIS

PWOFIL ELÈV NEST	PWOFIL ELÈV HORIZON
Elèv yo aksepte nan pwogram Nest dwe satisfè kritè sa yo:	Elèv yo aksepte nan pwogram Horizon dwe satisfè kritè sa yo:
KONESANS/ENTELIJANS	KONESANS/ENTELIJANS
Elèv yo dwe elijib pou yon klasifikasyon otis kòm andikap akademik.	Elèv yo dwe elijib pou yon klasifikasyon otis kòm andikap akademik.
KOURIKOULÒM AK ENSTRIKSYON	KOURIKOULÒM AK ENSTRIKSYON
Elèv NEST gen konpetans akademik nan nivo klas la oswa pi wo. Elèv yo kapab travay poukонт yo ak an tigwoup, avèk ti sipò tou piti. Elèv yo patisipe nan evalyasyon ofisyèl tankou egzamen ofisyèl Matematik ak konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) eta Nouyòk. Nou bay akomodasyon dapre jan yo di l nan IEP elèv la.	Elèv Horizon gen konpetans akademik ki nan nivo klas la oswa prèske nan nivo klas yo. Elèv yo benefisye nan ansèyman estrateji ki enkòpore estrateji ak entèvansyon ABA. Elèv yo ka travay poukонт yo avèk kèk sipò. Elèv yo patisipe nan evalyasyon ofisyèl tankou egzamen ofisyèl Matematik ak konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) eta Nouyòk.
LANGAJ/ KOMINIKASYON	LANGAJ/ KOMINIKASYON
Elèv Nest gen konpetans langaj ki nan nivo laj yo oswa prèske nan nivo laj yo, eksepte nan langaj sosyal. Aptitud sa yo gen ladan rete nan yon sijè, ak itilize jès, repsons, ekspresyon vizaj ki pa vèbal ki apwopriye sou plan sosyal. Paegzanp, elèv Nest ka gen difikilte ki ka gen repsons ki etranj ak/oswa ki ka mal entèprete deklarasyon ak/oswa konpòtman lòt moun.	Elèv Horizon gen ti difikilte langaj. Yo ka gen difikilte pou eksprime tèt yo ak pou konprann kisa lòt moun ap di. Yo ka gen difikilte tou avèk langaj sosyal. Elèv k ap antre nan kindergarten ka pale nan omwen 2-3 mo, fraz ki fè sans epi elèv ki pi gran yo gen langaj ki pi devlope, yo bezwen sipò pou kominike avèk efikasite nan sitiyasyon sosyal.
FONKSYONMAN SOSYAL	FONKSYONMAN SOSYAL
Elèv Nest gen reta sosyal. Paegzanp, elèv Nest kapab gen difikilte pou fè entèaksyon ak/oswa jwe avèk kamarad yo oswa adilt, pou jere chanjman nan woutin, ak pou suiv ak kontwole pwòp emosyon ak konpòtman yo.	Elèv Horizon gen ti reta pou jwe ak fè entèaksyon avèk lòt elèv. Elèv yo ka patisipe nan aktivite sosyal men souvan yo prefere angaje nan aktivite y ap fè poukонт yo.
KONPÒTMAN	KONPÒTMAN



Elèv Nest yo ka gen pwoblèm konpòtman ki gen rapò avèk otis. Pa egzant, règleman estrik nan yon lekòl, difikilte ak siyal sosyal oswa enkonpreyansyon, rezistans pou chanjman ki lakòz yon elèv eseye chape nan yon anviwònman, di non akòz li santi l akable, refize travay, oswa angaje nan mouvman repete pou kontwòl tèt li. Konpòtman sa yo ka kreye pwoblèm nan aprantisaj, men yo sipòte yo nan yon pwogram otis pou devlope bon jan konpetans elèv pou yo ka angaje yo nan aprantisaj.

Elèv Horizon yo ka gen pwoblèm konpòtman ki gen rapò avèk otis. Pa egzant, mouvman repete, gen gwo enterè ak fè sa l vle, gen difikilte avèk chanjman nan woutin, defi pou konprann siyal sosyal oswa move entèpretasyon, refize travay, ki ka lakòz yon elèv kite pou chape anba demand lan, mete yon sou kote oswa eksprime fristrasyon. Konpòtman sa yo ka kreye pwoblèm nan aprantisaj, men yo sipòte yo nan yon pwogram otis pou devlope bon jan konpetans elèv pou yo ka angaje yo nan aprantisaj.

1. **Voye yon Aplikasyon:** Si w ta renmen aplike pou pwogram Nest oswa Horizon an, ou ka voye yon aplikasyon nenpòt lè. Ou ka jwenn aplikasyon [Pwogram espesyalize pou elèv ki gen andikap](#) la sou sitwèb ([aplikasyon pou pwogram otis la \(Page 1 of 39\)](#)). Si pitit ou a ap antre nan kindergarten ane pwochen, nou rekòmande w pou fè nou konnen pi vit posib. Si pitit ou a nan klas K-12 kounye a, travay avèk ekip IEP pitit ou a pou ranpli yon aplikasyon epi voye l ale. Ekip IEP pitit ou a ka fè tout evalyasyon ki nesesè pou pwosesis aplikasyon an.
 - a. Travay direkteman avèk ekip IEP pitit ou a pou ranpli ak voye aplikasyon an ale.
 - i. Si pitit ou a prale nan kindergarten, voye aplikasyon sou entènèt la ale byen bonè depi nan ane preskolè pitit ou a.
 - ii. Elèv kindergarten ta sipoze patisipe nan [pwosesis admisyon kindergarten](#)jeneral la.
 - iii. Nan klas 1ye-12yèm ane, voye apliksyon pwogram otis la ale sou entènèt nenpòt lè.
2. **Konfirmasyon aplikasyon:** Apre ou fin voye yon aplikasyon ale sou entènèt, w ap resevwa yon mesaj otomatik pou konfime yo resevwa aplikasyon an.
 - a. Si ekip santral pwogram otis lan pa di w anyen de semèn apre w fin voye aplikasyon an ale, tanpri kontakte autismprograms@schools.nyc.gov.
3. **Premye evalyasyon pou yon pwogram otis:** N ap revize tès pitit ou a kounye a pou asire nou gen yon lide jeneral sou kapasite entelektyèl li, ansanm avèk langaj sosyal li, konpòtman, akademik, ak kapasite pou li adapte l.
 - a. **Evalyasyon ki ajou:** Si ekip santral pwogram otis la bezwen plis enfòmasyon sou pitit ou a oswa si evalyasyon yo pa ajou, n ap mande ekip IEP/CSE pitit ou a pou l jwenn konsantman w pou fè nenpòt lòt evalyasyon anplis. Sa a ka gen ladan yon evalyasyon pou otis si yo poko fè youn. Sa a se yon pwosesis kolaborasyon avèk ekip IEP oswa CSE pitit ou a.
 - b. **Lòt enfòmasyon:** Fanmi yo ka voye tou materyèl pou lòt evalyasyon yo pou ekip santral pwogram otis la evalye. Sepandan, evalyasyon ak materyèl anplis pa nesesè, epi nenpòt evalyasyon ka fèt atravè pwosesis IEP a.
4. **Pwosesis admisyon nan pwogram Otis ak Kalandriye:** Si enfòmasyon ou bay pandan premye evalyasyon an montre pitit ou a ka yon kandida pou swa pwogram Nest swa pwogram Horizon, yon manm ekip santral pwogram otis la pral travay nan kolaborasyon avèk ou avèk ekip IEP pitit ou a pou pwogramme yon sesyon obsèvasyon.
 - a. Apre premye evalyasyon an, Ekip santral pwogram Otis la pral kontakte w pou pwochen etap y ap pran nan pwosesis admisyon pou pwogram otis pitit ou a. Si enfòmasyon klinik pitit ou a montre li:



- i. **Ta ka yon bon kandida pou yon pwogram otis:** Yon manm ekip santral pwogram otis la ap kontakte oumenm ak lekòl pitit ou a pou evalye enfòmasyon yo epi chita pale sou twochen etap nan pwosesis la.
- ii. **Pa satisfè kondisyon admisyon yo:** Ekip Santral Pwogram Otis la pral kontakte w pou chita pale sou desizyon an epi Ekip IEP pitit ou a ap travay avèk ou pou detèmine yon pwogram edikasyon espesyal apwopriye ak/oswa rekòmandasyon sèvis ki pou satisfè bezwen pitit ou a. Ou ka voye yon nouvo aplikasyon pou pwogram otis la ale nan yon lòt dat si si nouvo enfòmasyon sou pitit ou a vin disponib.
- b. **Obsèvasyon Pwosesis admisyon nan pwogram Otis:** Si premye evalyasyon an montre pitit ou a ta satisfè omwen kèk nan kondisyon elijiblite yo, yon lekòl pwogram otis oswa yon manm ekip santral pwogramotis la ap pwogramme yon obsèvasyon. Ekip santral otis la ap revize rapò obsèvasyon pitit ou a epi si pitit ou a satisfè kritè admisyon yo ak si gen plas disponib, y ap ofri 1 yon plas nan yon pwogram otis. Oumenm ak lekòl pitit ou a ap resevwa yon kopi rapò obsèvasyon ekri a epi ekip santral otis la ap kontakte w pou chita pale sou rezulta yo.
- c. **Desizyon admisyon:** Yon desizyon sou admisyon baze sou enfòmasyon ak done nan evalyasyon sikoedikatif pitit ou a, apati tès dyagnostik *autism*, obsèvasyon, ak apati nenpòt lòt enfòmasyon ou te bay. Ekip santral pwogram otis la pral chita pale avèk oumenm ak ekip IEP pitit ou a pou konnen si pitit ou a satisfè kondisyon admisyon yo pou yon pwogram Nest oswa pwogram Horizon. Depi yo fin aksepte yon elèv nan yon pwogram otis, Ekip IEP pitit ou a ansanm avèk ekip santral pwogram otis la ap devlope yon IEP pou li.
- d. **Vizite yon pwogram otis:** Si yo aksepte pitit ou a nan yon pwogram otis, ou ka ale vizite lekòl kote pwogram lan ap fèt la. Piske pa gen pwogram otis nan tout lekòl, epi plas yo limite, y ap voye aplikasyon yo nan yon lekòl espesifik. Nou pa ka akomode demand pou yon lekòl byen presi. Lekòl la pral kontakte fanmi elèv yo aksepte yo pou fè aranjman pou vizite lekòl la ak pou enskri nan lekòl la.

ENFÒMASYON POU ELÈV YO AKSEPTÉ NAN PWOGGRAM OTIS

Fanmi elèv yo fèk aksepte yo pral resevwa yon preavi alekri (*Prior Written Notice*, PWN) ak yon lèt sou kote lekòl la ye (*School Location Letter*, SLL) apre reyinyon IEP a. SLL la ap presize lekòl pitit ou a prale a. Lè yo fin resevwa lèt SLL la, fanmi elèv yo aksepte yo ta dwe pote dokiman yo bezwen pou enskri pitit yo nan lekòl la pi vit posib. Li enpòtan pou enskri nan lekòl ki gen pwogram otis la pi vit posib nan transpòtasyon, si yo rekòmande l nan IEP a, pou l pa pran reta.

- **Mwayen transpò:** [Apèsi sou Transpò](#) Yo bay transpò pou ale ak retounen sot lekòl. Travay avèk ekip IEP w la pou resevwa mwayen transpò pou edikasyon espesyal kòm yon sèvis IEP. Bezwen pou akomodasyon pou transpò espesyal tankou tan trajè limite oswa yon machin ki gen tanperati ki kontwole dwe gen dokiman medikal ki sipòte l.
- **Pwogram Ete Otis:** Pwogram Nest ak pwogram Horizon swiv kalandriye lekòl 10 mwa distri 1-32 apati septanm rive jen. NYCPS ofri yon pwogram ete ki pa obligatwa pou elèv pwogram otis soti nan kindergarten rive nan klas 8yèm ane. Objektif pwogram ete a se pou ankourage devlòpman sosyal ki kontinye.

Gen yon manm ekip santral pwogram otis la ki pral travay nan kolaborasyon avèk ekip IEP pitit ou a epi ki pral rete an kontak avèk ou konsènan aplikasyon pitit ou a.